# Мениң жолбарыслар менен жолығысыўларым

*Әмет Шамуратов*

*Ескертпе:* kitapxana.com сайтындағы барлық китаплар тек танысыў ретинде берилген. Китаплар (фольклордан тысқары) авторлық ҳуқықлары менен қорғалған болыўы мүмкин, сонлықтан китап контентинен авторларының рухсатысыз тижәрат яки басқа нызамсыз жолларында пайдаланыў қадаған етиледи, ҳәмде ҳуқық қорғаўшы органлар тәрепинен жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин.

## *Мазмуны:*


*Сөз басы* 3

*Жолбарыс аўлаўға дәслепки шығыўым* 4

*Қорқынышлы үш күн* 9

*Жолбарыс тырнағында* 11

*Қәўендершилик* 16

*Жолбарыстың баласын өлимнен қутқардым* 18

*Жолбарыс пенен айқастым* 23

*Ғаз атпаға барғанда* 25

*Жолбарыстың түйеге мингенин көрдиң бе?* 27

*Сүзеўик буға* 28

*Менменлик заўалы* 30

*Жолбарыс мениң сәлемимди алды* 33

# Сөз басы

Аңшылық дүньядағы ең қызық талаплардың бири. Буны жақсы көриўим, қумартыўым сонша – аңшылықтың қумары нағыз тутқанда аш болғанымды умытып кетемен. Егер биреў: пәлен жерде қырғаўыл, қоян көп екен, жалғызақ шошқалар, сүриў-сүриў кийиклер бар екен, үйрек, ғазлар сондай көп екен десе болғаны, сол жерге жеткенимше тахатым шыдамайды. Егер сол жерге барыў ушын арада дәрья болса секирип, бийик таў болса атлап, теңиз болса жүзип өтким келеди. Көз жетпес узақ болса қанат байлап ушқым келеди. Буны лап деп түсинбеңлер, шын кеўлим ҳәм расым.

Бул аңшылықтың қумарынан, өлим деген менен де талай сапар көрисип қайттым. Небир жабайы жыртқыш ҳайўанлардың тырнағында, арсылдаған аўзында өзим менен өзим тирилигимде хошласқан ўақытларым болды.

Мен сонда қорқақлықтың зыян екенин анық сездим. Қорықпасаң сабырлы, мәрт болыўда, ҳешнәрседен қорықпаўды, қарсыласқан жаўыңды жеңип шығыўды ойлайды екенсең. Сонлықтан да ата-баба:

«Талап етсең талпынып,
Ҳәрнәрсеге жетесең,
Қандай қыйын өткелден,
Ҳәмелин таўып өтесең.
Мәртлик түби мурatты,
Дегениңе жетесең.
Тәўекел түби қайықты,
Минесең де өтесең,
Қайғы түби туңғыйық,
Батасаң да кетесең».

деп айтып кеткен.

Аң аўлаўға дәслепки шыққанымда қорыққан күнлерим де болды. Қорыққанлығымнан ҳаўлығып, алдымнан өткен жалғызақларды атпақ түўе ийнимнен мылтығымды ала алмай қалған күнлерим есимде.

Жаздың күни буўдай қорыққа барғанымда атызға падалылар дүркиресип келгенде, шертектен түсип оларды үркитиў түўе, даўысымды да шығаралмай, демимди зорға алып жатқаным есимнен шыққан емес.

«Қорқақты көп қуўаласаң батыр болады» дегендей мен де соңын ала ҳәр истиң тәсилине түсине басладым. Рети келгенде буққы таслап аттым, гези келгенде алыстым, пайты келгенде ҳайўанлар менен сөйлестим.

Боянның арасына барып, қораз-қырғаўыл болып шақырғанымда, тум-тусым қырғаўылға, аўылдың шетиндеги жаптың ишине түсип шағал болып улығанымда тум-тусым шағалға ямаса майданда жыңғыл арасындағы ойпаўыт жерде турып қоян болып быйқылдағанымда тум-тусымның бәри қоянға толып қалады.

Сол себептен усы ўақытқа шекем алдырмадым, талмадым. Арық мергенниң иниси Шәбик мерген аталып елатымда киятырман.

Сөйтип, сизлерге жолбарысты қалай аўлағаным, оның тырнағынан қалай қутылғаным ҳәм олар менен қалай дос болғаным ҳаққында азғана сөз етип берейин. Буған көп адамлар: бул өтирик, бундай да лап болыппа, ҳеш итималы жоқ деп таңланар. Бирақ, булар нақ өз қара басымнан өткерген аўҳал болғанлықтан, мен ҳасла шубҳаланбаймен, айта беремен.

Оның ушын кеширерсиз.

## Жолбарыс аўлаўға дәслепки шығыўым

Сентябрь айларының бир күнлери дайым басыўда гүзлик буўдай егип жүрип, жолбарыс көргенлигин, түни менен қорқып, жата алмай шығатуғынлығын айтып жиберипти. Жийеним келип маған бир-еки күн жолдас болсын, – депти.

Буны еситип туратуғын мен бе! Дәрҳал атқа ер салыўға асықтым, сонша аңшылық етип жүрип, жолбарысты аўлап көрмегеним мени әбден қызықтырды. Жолбарыстың дүньяда ең күшли, ашыўшақ, жыртқыш ҳайўан екени мени қәўиплендирмеди.

Мылтық дәримди әнжамлап, атыма минип шаўып отырдым. Ҳәдемей-ақ жетип бардым. Дайымнан:

– Жолбарысты аўлама, зая боласаң, ол күтә ашыўлы, кекли, ызалы ҳайўан, туқымқурт етеди, сәл жерде қазаң жетер. «Тек жүрген, тоқ жүрер» – деген сөзлериниң бәрин қабыл алмадым.

Қорқақ ябы шелектен де үркеди.

«Әжел жетсе төсектен де түртеди», – деген үйреншикли қосығымды айтып, жолбарыстың изин излеп, тоғайға сиңип кеттим.

Дайым пақыр шырлаўы менен қала берди.

Көп узамай-ақ жолбарыстың изин таптым. Жолбарыстың изин бурын көргеним бар еди.

Пышықтың изиниң пишиминде, үлкенлиги бота тайлақтың изиндей үлкен болады. Тоғайдағы орпаң боздағы изи ап-анық болып жатыр екен. Мен де қуўалап отырдым.

Сайдан сай, бүктен бүк қоймай қалың тоғайды жаңырып жүрип киятырман. Алдымнан жолбарыс түўе, қаңғырған күшик те шықпады. Қатты ызам келди, жолбарыстың изинен де жаңылдым.

Күн нәзерин батыўға бурды. Бүгинги үмитимди үзип, мылтығымды ийниме салып, қосық айтып киятырман.

Бир мәҳәлде гелек қара таллардың тусына бара бергенимде, маңлайымның алдынан жылдырымдай секирип бир нәрсе өтти. Қарасам, жолбарыс. Мылтығымды ала-сала изинен бир рет көширгенимде оң тәрепимнен келип, ийнимнен тислеп ылақтырғанын бир-ақ билдим. Сонда өзимди бултқа араластым ба, жарты жағым жолбарыстың аўзында кетти ме екен деп едим.

Бир мәҳәлде есимди жыйып қарасам, әтирап тастай қараңғы, тула бойым даладай қан. Жуўан қара талдың геллегинде жыбырлаған шақалардың үстинде шалқамнан жатыр екенмен. Өзимди тиклеп қозғалайын десем, оң жағым қозғалтпайды. Сол қолымды таянып тиклене бергенимде, жерден гүркиреген жолбарыстың даўысын еситтим. Жерге қараўыма үлгермей-ақ гүркиреген даўысқа араласып топырақ жаўды. Оннан соң көзимди жумып, қозғалмастан жата бериўге мәжбүр болдым. Сөйтип жатып, көзим уйқыға кетипти.

Азанда – әй, тур, – деп таяқ пенен түрткен даўыслардан оянып қарасам, күн жаңа шығып киятыр екен. Ғаўырласқан адамлар, арбалы пишен тасып жүрген жақын аўылдың адамлары екен. Қуўанып кетсем де, ашыўлы жолбарыс есиме түсип пишеншилерге:

– Жолбарыс қайда? – деппен. Олар ҳайран қалысып, әтирапына қарасты, ҳешнәрсе көринбегеннен соң мениң менен ҳәзиллести де, мени түсирип алыўға киристи. Жолбарыс болса, әллеқашан кетип қалған екен.

Пишеншилер от жағып, мени жылытып, жараларымды таңды. Басымнан кешкен ўақыяларды пишеншилерге айтқанымда, олар:

– Япырмай бала, тас-тастан қалған екенсең, сен бахытлы екенсең, – дести.

Олар менен жазылысып чай ишип, жолбарыс ҳаққында олардың ертеклерин тыңлап, ўақты хошлық пенен тарқастық.

* * *

Ийнимниң жарасы еле питпей атыр. Он күннен бермаған дайымның қасындаман. Ағам, анам қапа болар деп үйге хабар бергенимиз жоқ.

Ишим пискени былай турсын, аңсызлық етип жолбарыстан усыншама хорлық көргеним ыза, кегимди қайнатады. Қолым жазылса болар, сол жолбарыстан өшимди алмай тири жүрмеспен, деп тисленемен. Мениң бахтыма қарсы қолымның жарасының да питпей атырғаны.

Неше сапар қолымның қозғалтпаўына қарамай-ақ мылтығымды алып жолбарысты излеп кетпекши болғанымда, дайым урысып, зор тәўелле етип, мени басылдырған еди. Ол әстелик пенен:

– Өжетлик те керек, ҳәрнәрсе өз ўақтында, өз жайында болса күтә жақсы болады, сол ўақытта ислериңди ислемегеннен соң, енди шыдаў керек! – деди, мен оннан бетер ызаланып, және мылтығыма асылып, кетпекши бола бергенимде, дайым қолымнан мылтығымды алып қойды. Бир күни ол:

– Қызбалық ете бергенше, истиң өнетуғынын ойла, усы қызбалығың болса, ертең тәўир болып, жолбарыстың соңына түскениң менен де ҳешнәрсе питкере алмайсаң. Ойланып ис етпек керек! – деди. Сөйтти де ол қойнынан дәстелери узын, ушы орақтай тик қайтарылып сапланған еки жүзли өткир үш пышақты шығарды да:

– Бул жолбарысты ҳийле менен услап өлтирмесек, тегинликте услатпайды! – деди күлимлеп, пухталық пенен.

Мениң денемде қуўаныш пайда болды. Дайымды буннан бурын жаман көрсем де ҳәзир көзиме күтә ысық көрине баслады. Ҳақыйқатында ол мени шақырғанда жолбарыстан қорқып шақырмағанын сезетуғын едим. Ал, бирақ ол мени жолбарысты аўлаў ушын келди деп те ойламаған еди. Тек өзине ес болыў, ермек болыў ушын келди ғой деп ойлаған еди.

Мен оған жақынлап сөзин тыңладым.

– Мен бул пышақларды жолбарысты услаў ушын дүзеттирген едим. Усы пышақлар менен жолбарысты услаймыз ҳәм өлтиремиз! – деп дайым сөзин даўам етти.

– Мылтық пенен өлтире алмай жүргенде, пышақлар менен қалай өлтиремиз? – дедим. Ол: – Жүр, ҳәзир тоғайда жолбарыстың жүретуғын жерине барайық, соннан соң өлтириўдиң жолын өзиң көресең, – деди. Мен қуўаныўым менен оның изине ердим. Қолымның аўырғаны да билинбей кетти.

Бизлер тоғайдың қамыслық аралас шетлерине келип бул жерде жолбарыстың тум-тусқа кеткен излерине жолықтық. Шатлықтың арасы менен кеткен тар соқпақтағы изге түстик. Соқпақ тар ҳәм аяқ басарға жери жоқ, барлығы шат. Бир жерге келгенде тоқтадық. Дайым исине киристи. Мен сығалап қарап турман.

Ол соқпақтағы шатты тығыңқырап, ортасынан бир жерин аяқ басыўға қолайластырып қойды. Сөйтип, еки пышақты еки жаққа, биреўин қақ ортасына шалқасына қойып, үшеўиниң де сабының ушын тийдирип жақынлатып қойды. Сапларының беллериндеги илмешектен шаттың ирилерине беккем етип байлады. Сөйтти де маған қарап:

– Әне, енди усы жерден жолбарыс өткей деп тилек тилейбер. Егер өтсе, мына саплардың ушынан пәт пенен бир басса болғаны, еки жақтағы пышақ еки бүйирден, ортадағы пышақ қарыннан шаншылады. Жолбарыс қара күшке салып, бирден алға умтылады. Бүйирден яки қарыннан бир кесип өтсе болғаны, ишек қарны ақтарылып, жолбарыс көп узамай өледи. Түсиникли ме? – деп күлип, мениң мурнымнан шертти.

Мен: – күтә түсиникли, дедим. Буннан соң қосына қайттық.

Мен күнде еки-үш рет барып тексерип турдым. Төртинши күни барып, көргенде пышақлардың ушында қаны бар. Ортаңғы пышақта жолбарыстың азмаз жүни де бар. Пышақлардың бир нәрсе илгенин сездим де изине түсип отырдым. Жол бойы қан. Еки жүз қәдемдей жерге барғанда жолбарыстың ишек қарны ақтарылып атыр екен. Өзи алға умтылыўы менен өлипти.

Мен жуўырыўым менен келип, дайымды шақырып, апарып көрсеттим. Ол күлимсиреп:

– Мине, жолбарысты усылай ҳийле менен услаў керек! – деди.

Мен дайыма күтә ырзалық билдирдим.

## Қорқынышлы үш күн

Арадан бир жылдай ўақыт өтти. Жолбарыс ҳаққындағы болған ўақыя да умыт болып кетти. Жаздың ыссы күнлериниң биринде аўылға үлкен ғалаўыт түсти. Бир жолбарыс күнбатардағы тоғай беттеги соқпақ жол менен тиккелей аўылға бет алып киятыр десип, адамлар кими там басына, кими төлеге жасырынып, кими жуўан тереклерге минип жанын қорғап атыр.

«Жығылған гүреске тоймас» дегендей, дәрҳал үйге кире сала мылтығыма асылсам, қорғасынлап оқлаған бир де оғым жоқ екен. Ишим уўдай ашыды.

Жолбарыс пенен шошқаны майда пытыра оқ пенен атыўға мүмкин емес, оған ҳәлеклениўге болмайды. Соның ушын мылтығымды тартып урдым да далаға шықтым, неде болса жолбарыстың бет алыс бағдарын билгим келди.

Аўыл арасы ығысқан адам. Тап аўыл арасы бир апатқа ушырағандай. Ийтлер қаңсылап адамларға тығылысады. Жолбарыс ийтлерге өш деген менен ийттиң ийелери ийтлерин қарғап, қуўып жүр.

Мен жолбарыстың алдынан шықтым. Ол аўылға жүз қәдемдей жерде киятыр екен. Жолбарыс аўылдың уў-шуў даўысынан, ийтлердиң қаңсылап үргенинен ҳеш сескенетуғын емес.

Басын төмен салып әсте-ақырын киятыр. Узақтан сақпан менен оған қарсы атылған кесеклер де шыбын шаққандай көринбейди.

Жолбарыс туп-туўры аўыл ортасына кирди. Аўыл ортасы үш танап жердей майданлық еди. Майданлықтың күншығар шетирегинде байдың бийик етип салған мал қорасы бар еди. Жолбарыс аўылды бир аралап шықты да сол қораға кирди: қайтып шықпады.

Адамлар сол паналаған жеринен үйине кирмеди. Тура берди. Кеште пададан қайтқан маллар, қой-ешкилер аўылға әкелинбеди. Усы аўҳалда аўыл үш күн удайына дағдарыста болды, жолбарыс та аўылдан шығып кетпеди. Адамлар оның жанына барыў түўе аўылдан шығарыўға үйине кирип-шығыўға қорықты.

Мен жақын аўыллардан зорға дегенде бес-алты оқлық ғана қорғасын таўып мылтығымды оқлап алдым. Енди қалай да жолбарыстың қандай аўҳалда екенин билгим келди.

Узақтан дәрўазаның алды бетинен барластырсам, ҳешнәрсениң саңлағы көринбейди. Еки-үш жигит пенен бийик зәңги әкелип, қораның оң тәрепине қойып әсте минип басымды көринер көринбес етип, сығалап қарасам, жолбарыс қораның арғы сол тәрепинде алдыңғы еки аяғын көсилип, ийегин созып аяқларының үстине қойып жатқан екен. Дым қозғалмай узақ жатыўына қарағанда көзи жумыўлы болса керек.

Оны қораның аўзынан кирип атыў күтә қәўипли, ал турған жеримнен ата бериўге узақлық етип, оқ қалпал тийе ме ямаса оқ ҳәлсиреп барып тийип өлтирмес деген ой болды. Және қарсы алды болғаннан соң гөзлеп атырғанында көзин ашып жибере ме, әлле қәйтеди.

Ақырында қораның арқа тәрепинен ярым аршындай жерден жолбарысты нышынлап атқандай саңлақ еттим.

Адамлардың көпшилиги мениң тилегимде. Тек гейпаралар ғана «Бул бала бир бәлеге ушыратпаса болар еди. Өзиниң кесирин бизлерге де тийгизеди ғой, жолбарыс деген күтә ашыўлы нәрсе деп гүңкилдести». Мен өзиме үйреншикли тәўекелиме сыйындым да мылтықты тесиктен өткерип гөзлеўге киристим.

Қулақ шекең усы емес пе деп берип жибергеним, жолбарыс төрт аршындай жоқары секирип түсип, шыр-гүбелек айнала бергенде екинши оқ пенен берип жибергеним жолбарыс қулады. Сеспей қатты билемен. Ҳеш қозғалмады.

Жайлық пенен мылтығымды суўырып алып ийниме салдым. Адамлар жолбарыстың өлгенин көрмесе де бизлердиң дем алыўымыздан сезип, орынларынан турып, өрип

бизлерге қарап жүрди. Ҳәммемиз жолбарыстың қасына бардық. Жолбарыс растан да сеспей қатқан екен. Дәслепки атқаным басынан, соңғы атқаным өкпе-жүректен тийипти.

Адамлардың күтә ўақты хош болды. Мени әййем замандағы өткен Арық мергенниң иниси Шәбик мерген екениң рас екен дести.

Үш күннен берли үйлерине кире алмай, ас татпай, далада жипсиз байланған халық үйлерине кирди. Мениң тум-тусымнан сансыз рахметлер жаўды. Бул мәртебе мени күтә ҳәллендирди, аңшылыққа ықласымды бурынғыдан да бетер күшейтти.

## Жолбарыс тырнағында

Балық аўлаў да күтә қызық нәрсе. Балық аўлаў дегенде қандай қыйынлықлар болса да түрине қарамайтуғын едим.

Әмиўдәрья бурқып, топырақты гүреп ылайланып ақса да балығы мол дәрья. Бунда ылақаның ең тайнапыр аўырға 5-6 батпан келетуғынлары бар, сүўен, сазан бекирениң де ең ирилери бар. Марқа, ақшабақ тағы басқа түрлери толып атыр. Буларды услаў кимлерди қызықтырмайды?!

Бирақ усы балықлардың аўланатуғын ҳәр түрли мәўсими болады. Июль, август айларындағы топан тасыўда сүўен, үлкен жайын, ылақалар көп аўланады.

Ири жайынларды керши ямаса үлкен ылақа қармақлар менен ҳәм шанышқы менен усламасаң, аўларды жыртып кетеди. Мен бул мәўсимди қуры өткергим келмейтуғын ҳәр жылғы әдетим.

Август айларының бир күнлери Әмиўдәрьяның ийримли айланбасына керши ҳәм қармақ салып отырман.

Арқам тоғайлық, ўақыт ярым ақшамнан өтти. Ай сүттей жарық. Арқадан таң самалы есип тур. Тик жардағы қамыслардың сытырлысы Әмиўдәрьяның шылпылдаған даўысына қосылып, аўыр бир ҳәдийсениң алдынан шертилетуғын саздай болып турыпты. Кершим де, қармақларым да ҳеш өт қақпады.

Ық беттеги қурып қойған қармақларымды тексериўге қамыслықтың арасы менен жүрдим. Қолымда шанышқым да бар. Ҳәр қармақтың арасы жүз қәдемдей жер еди.

Биринши қармақтан өтип, екинши қармаққа барсам, бир ылақа илинип, шамбырлап атыр. Барып жиптен тартсам ҳеш күш бермейди. Қолымдағы шанышқым менен шанышқаным, қапталлап тийсе керек, зорға дегенде жаңа тартып алғанымда оң жағымнан бир нәрсе ырылдап келе пәт пенен дәрьяның рашына қағып жиберди. Ентигип барып түстим. Жолбарыс екенин биле қойдым. Және ырылдап келип, оң қолымнан тислеп ыйығына қағып салды, сөйтти де тоғай иши менен жүре берди.

Мениң тек сүлдерим киятыр. Арадан бираз ўақыт өткеннен соң өзиме келе баслaдым. Гә тар соқпақ пенен, гә шатлықтың арасы менен киятыр. Үсти-басымның ырым-жырым болғаны былай турсын, ҳәмме жеримниң тикенге тырналыўы, бет-аўзымның шыжбайы шығып қанаўы жаныма өтип баратыр. Сәл қозғалайын десем, қолыма тислерин батырыңқырап ырылдап қояды.

Усылай киятырып, өлимнен басқаны ойлаў мүмкин болмады. Жолбарыс 2-3 жылдан адамның гөшине жеригеди дейтуғын еди, сол рас болғаны, мен сорлы бунның жерик асына дуўшар болғаным, деп ойладым. Тағы да жолбарыс ашыўлы, кекли болады дейтуғын еди. Бул баяғы атып өлтирген жолбарыстың кегин алайын деп жүрген шығар. Егер нақ сол болса, мени күтә қыйнап өлтиреди-аў, деп те ойладым.

Жигилдикли қалың тоғайдан өтип, қопалы қамыслықтың арасынан жүрип киятыр. Бул мәҳәлде таң да ата баслaды. Әтирапта сырт еткен сес, қыйт еткен даўыс жоқ.

«Басқа түссе баспақшы боларсаң» дегендей өлимге де көндим. Бул минутларда мениң басыма нелер келип кетпеди. Анамнан туўылып, есимди билгеннен усы жигирма жасыма келгенимдеги дәўирдиң бәри есиме түсти.

Дүньяда хәркимниң хәртүрли өлими бар. Биреўлер аўырыўлардан, биреўлер суўға кетип, биреўлер уллы саўашларда елиниң, халқының ар-намысы ушын өледи. Адам баласы дүньяға келгенде қатарынан кем болмаўды, мәртликти ойлайды, күсейди.

Мәртлик, батырлық, қара бастың ғамы ушын етилген исти айтпайды. Халық ушын, ел ушын етилген исти ғайратты айтады. Еси-ақылы пүтин ким болса да мәрт болыўды, арлы-намыслы болыўды, батыр болыўды өле-өлгенше халық ушын, ел ушын хызмет етиўди мақсет етеди. Ал, мен болсам, ғырыстай күшиме толысып турған ўақтымда хеш жерде хәрқандай адамлар айтып жүргендей ўақыя болмай-ақ бир хайўанның қысымында әжелим жеткени ме? Мениң: – ал енди қолыңа түстим, өлтирсең өлтир, – деп мүлайимлесиўимниң жөни қалай? Қой хәдден асқан қорқақшылықтың кереги не?! «Өлим қорқаққа өш» дегенди билмейсең бе? Өлим-өлим бир өлим. Анадан бир туўылмақ, бир өлмек бар. Көп болса қыйналыңқырап өлермен. Қолымнан келгенинше, күшимниң барынша қутылыўдың жолында болайын, – деген пикирди тастыйқладым.

Күн қызарып киятыр. Көзимди ашып, көзимниң жеткен жерине қарап киятырман.

Егер де бос киятырған қолым менен жолбарыстың жутқыншағынан беккем услап буўсам, демигип өлмес пе екен деген де жоспар бар. Жоқ, қалай деген менен жолбарыс ғой!

– Хәссений… – деп ойланып, және: бирден жанымнан тасламай жүретуғын полат қанжарымды да усы сапары таслап кеткенимди қоя бер!

Усылай жүрип киятырғанымда қалың қамыслықтың арасынан соғылған қос сымақ жайға келдик. Оның аўзына барғанда, жолбарыс қуйрығын былғаңлатты. Қолыма тисин батырыңқырап, маған абай етип ырылдаңқырап қойды. Сөйтти де қолымды жиберди.

Мен бул ырылдаўына – «тыныш, қылт етпей тур» – дегени шығар деп түсиндим. Ол алдыңғы сол аяғы хәм аўзы менен қостың итияжланып бекитилген аўзын аша баслады.

Есик ашылыўдан емшектен айырған көпек ийттиң баласындай сарғыш жүнли жолбарыстың баласы алдына ойнақшып шықты.

Мени қостың төрине апарып ылақтырып урды. Баласы маған келип, ийскелеп, хәр жеримнен тислеп тартып, ойнай берди.

Жолбарыс баласын еки үш жалады да маған қарап бир ырылдап қойды. Есик аўзына кесесине түсип жата баслады. Көп узамай басын және бир көтерип, маған қарап ырылдап қойды.

Баласы оған қулағын тикирейтип қарады да, мениң менен және ойнай берди. Бул абай етиўлердиң бәри де мен ҳаққымда шығар деп түсиндим. Бул истиң кейини не болар екен деп әсте дем алып жата бердим. Ал, баласы мениң етигимди ғайзап, кийимимнен тартып ойнап жүр.

Арадан он минуттай ўақыт өтти. Жолбарыс қурылдап уйқыға киристи. Қатты қурылдаўына қарағанда жолбарыс күтә шаршаса керек, түни менен жейтуғын олжаның рети болмағаннан соң гезип-гезип ақырында мени тапқан ғой, деп ойладым.

«Ал, Шәбик мерген, ҳәмелиң болса ететуғын ўақтың келди! – дедим ишимнен өзиме өзим.

Қостың ояқ-буяғына еркин қарай басладым. Қос сондай жақсы, пуқта дүзетилген. Қопалықтың түбин қазып, астына қалың етип қамыстың үпилдирик басын төсеген. Әтирап қамыс пенен қоршалған, күн бетти қалыңырақ етип, иймейтип сая еткен. Әйтеўир бир уста адам соққандай.

Жолбарыстың баласы да шаршап уйқыға киристи.

– Қәне, енди не қылсам екен? Усы ўақытта бир тәсил ойлап таппасам қалғаным. Өзимнен үмитти үзиўим тийис.

Қамыслықтан атлап өтейин десем, қамыс сылдырлап жолбарысты оятады. Отырған жеримнен қопалықтың астын тесейин десем, қопалық қалың, қамыс қыспадан. Онда бираз ўақыт керек.

Әсте-ақырын орнымнан турдым. Жолбарысқа қарап жүрдим. Қорықпадым. Дүрсилдеген жүрегимди басып, еркин ҳаўадан терең дем алдым. Кең тәбийғат, жарқыраған күнниң жақтысы мени қушағына қысып, баўырына басқандай, татлы самал менен көтерип, ҳаўалап ушқандай болып тур. Денеме бираз күш енгендей болды. Және де тереңнен демимди алдым да, – я бахыт! – деп пешимди жыйдым.

Жолбарыс тумсығын ишке алып жатыр. Қуйрық бети сыртта, жанбаслап еле қурылдаўы менен уйқлап атыр. Мен жолбарыстың түбине барып, артқы еки аяғының қасына оң аяғымды қойып, жайшылық пенен атладым. Екинши умтылып сыртқа шықтым. Көп егленип турмастан, тырс еткизбей алға бастым. Анық он қәдемдей узақлағаннан соң қанат байлап ушып отырдым. Ушқаным емей не? Жолдағы қалың шеңгел, сирескен жантақ, шатасқан шатлық биреўи де көзиме көринген жоқ. Сақпанға салған кесектей зыңғып киятырман.

Арғы басы 15 – 20 минут ишинде дәрьяға келип жеттим. Келген жерим бийик тикжар, нағыз ағыслы жер екен. Ҳеш иркилип турмадым. Ойланыўға мурсат жоқ. Сол келиў пәтиме дәрьяға өзимди аттым.

Өзимниң талай өтип жүрген Әмиўдәрьям ғой, ҳә демей-ақ қыялап ықлап, аржағына өттим. Майға түскен тышқандай болып жағаға шығып кийимлеримди сығып турсам, аржақтағы мениң дәрьяға таслаған жеримниң шаңы аспанға шығып атыр. Абайлап қарасам бағанағы жолбарысым. Оның жер тырналап ақырғаны тап қулағымның қасында шыққандай.

Шала-шарпы кийиндим де, алға қарай жөнелдим.

Сол барғаннан аўылда еки күн жатып, үшинши күни жора-жолдасларым менен қарыў-жарақ алып, дәрьяның аржағындағы кершиге, қармақларға кемели барсақ: баяғы ылақа дәрьяға ырғып түсип, еле илинип тур екен. Оны алып кемеге салдық. Жораларыма жолбарысқа бенде болған жеримди көрсеттим.

Кершиге келсек, еки сүўен түсип тур екен. Бизлер де буйырғаны усы шығар деп алып, керши, қармақларды жыйып қайта бердик.

Соннан баслап қандай бир аўылға шықсам да, қарыў-жарақты тасламайын деп серт еттим.

## Қәўендершилик

Бир күни жазғы түнде, мергеншиликтен келген шаршаўым менен қара үйде қатты уйықлап атыр екенмен. Ярым ақшам аўған ўақыт. Ай сүттей жарық. Есик тарсылдап ашылды. Жалт қарасам, бас ушымда бир жолбарыс отыр.

Жүрегим суў ете қалды, тап суў түбине кеткендей болдым. Түсим шығар дейин десем, оңым-ақ. Қозғалыў мүмкин емеслиги былай турсын, менде тап сол мәҳәлде ҳеш дәрман да жоқ болды.

Арадан 3-4 минут өтти. Демимди әсте алып, көзимди ашып жолбарысқа қарасам, жолбарыс бурыңғы жолбарыслардай емес, буның түри мүләйим, қуйрығын былғаңлатып, артқы сол аяғын көterип оны жалап қоя береди. Мен ҳайран болдым.

Бираздан соң аяқларын төсеп жатты. Сонда да ыңырсып жаңағы аяғын жалай берди.

Ақырында буған бир нәрсениң болғанын сездим. Мен өзим жерде жатырғаннан соң алдыңғы еки аяғы мениң көпшигиме тирелип турды. Ғаррылардың айтыўынша: «Шерим, шерим, жаныўарым» деп қолым менен аяқларын сыйпасам да сол ыңырсыўын қоймады.

Соннан соң бул меннен бир жәрдем күтип отырғой деп түсиндим де, орнымнан тура басладым. Жолбарыстың ашыўы келерме десем жоқ. Қайта қуйрығын былғап жатыр. Мениң менен иси жоқ. Турып шыраны жақтым. Оның көза масаладай жанып, шыра менен шағылысты. Өзи мүләйымсип турса да, турпатынан адам қорққандай. Сумлықты буннан да бетер асырайын деп келген баяғы жолбарыс па деп те гүманланаман.

Жолбарыс кекли болады деген сөзлер ойыма қорқыныш салып қояды.

Жолбарыс неге ыңырсып артқы аяғын жалай береди, деп артқы аяғына қарасам, артқы аяғында қан бар. Қасына барып услап қанның шығып турған жерин сыйпап көрсем, бир нәҳән жийде тикен. Сығалап қарасам алдыңғы еки тырнағының арасына қадалған екен. Тырнағыма зорға илиндирип тартып жибергеним жолбарыс туўлап шыңғырды. Тикен алынбады. Сыңсып жалайберди. Мен не болса да усы тикенди алып, буған жақсылық етип жиберейин деп ойладым.

Мылтықтың азбырайлары туратуғын қалтада кишкене ғана қысқыш бар еди. Соны алып келип, етке нықлаңқырап басып, тикенди қысып тарттым. Жолбарыс бийшара шыңғырыўы менен жатыр. Қысқышты қысып тартып жибергеним, тикен суўырылып шықты. Узынлығы үш бармақтай бармақтай бар екен. Жолбарыстың шыңғырыўы жер жарды.

– Сен де жанның татлы екенин биледи екенсең ғой! – дедим түсинбеседе оған күлип. Жан деген күшлиге де, күшсизге де бирдей шийрин ғой, әсиресе, күшли жолбарыс усаған ҳайўанлардан гөре, өзлеримиз анағурлым төзимли екенбизғой деп ойладым. Мен де усындай жолбарыстың буннан да бетер азабын көрип едим-аў, сонда мен буннан бетерирек азапқа шыдадым ғой деп мақтанғандай қыялда болдым.

Жолбарыс тынбай аяғын жалап атыр. Ыңырсығанын да қойды. Бир мәҳәлде орнынан турып, маған қарады. Бет-аўзымнан бир-еки-үш мәртебе жалады да, бурылып жүре берди. Мен бундай бир болған ўақыяның сәтли өтиўине қуўаныш пенен қала бердим.

* * *

Ертеңине түнде жаңа уйқыға кетип баратыр едим. Далада бирнәрсе гүрс етип жерге түсти. Дәрҳал мылтығымды алып далаға шығып қарасам кешеги жолбарыс. Ол болғаннан соң қорықпадым да, атпадым да. Жақынлап барып қарасам, жаңағы гүрсилдеген баўызланған бир қой. Жолбарыс маған қарап, көзлерин жаўдыратты да, қуйрығын былғаңлатып кете берди. Буның кешеги тикенин алғаным ушын әкелгенин ҳә демей-ақ сездим. Булар да жақсылыққа жақсылық етиўди биледи екен ғой деп ойладым.

## Жолбарыстың баласын өлимнен қутқардым

Мергеншиликтиң ўақты болғанша қаўын-қәмек егип турайын деп Әмиўдәрьяның қайырына қаўын еккенмен. Қаўынның басында кейипли ылашық та бар. Күнде сол жерде қонаман. Қаўыным да писип атыр. Қаўын писиктеги үлкен жаў – шошқа. Олар қаўын атыздың ишине кирсе, пәлектиң астан-кестенин шығарғаны былай турсын, қаўынның барлық түйнегин де жарады.

Мен түни менен қарымға түсип алып, жасырынып жатаман да, қорық қорыйман.

Бир күни, ярым ақшамнан аўған ўақытлары бир топар падалылар күнбатар беттен келип атызға түсти. Жаңа атажақ болып гөзлегенимде падалылар өзинен-өзи басқы таўып, келген жағына қарай тым-тырақай қашты. Мен бул аўҳалға ҳайран қалдым. Мени сезди деўге мен жатқан жеримнен сылт етип қозғалмадым. Серлеп тум-тусыма қарадым. Ай сүттей жарық. Елп еткен самал да жоқ. Тыныш аққан Әмиўдәрья суўы, оның аржағындағы тереклер қараўытып көринип тур еди. Арқада бир шақырымдай жерде жийдели тоғай анық көринеди.

Солай да шошқалар үриккендей жан-жағымда ҳешким көринбейди. Мен орнымнан турып ылашығыма бет урсам, ылашықтан бир жолбарыс шығып киятыр. Ол мениң изим менен маған қарап киятыр екен. Мен үйреншикли аўҳал болғанлықтан ба, әйтеўир қорықпадым. Енди мылтық атыўдың, қашыўдың ҳеш итималы жоқ. Ара күтә жақын қалды. Бул сапары да аман қалыўдың итималы қалай болар екен деп ойладым.

Демимди алып, өлимге болса да көнип, көзимниң асты менен жолбарысқа тигилип қарасам, жолбарыс ыңырысып, бул да қуйрығын былғайды. Жаным жайына түсе баслады. Мылтығымды ылақтырып урдым да жолбарыстың қасына «шерим, шерим» деп бардым. Бир жери аўырды ма екен, аяғына тикен кирди ме екен деп ҳәмме жерин көрип шықтым. Аўырған, сызлаған ҳеш жери көринбейди. Қуйрығын

былғап, мени ертип жүре жақтай көринди де турды, орнымнан турып, изине ере басладым. Мылтық та, қаўын да умыт болды, неде болса бир қызық ўақыяның үстинен шығаман ғой деп қуўанып киятырман. Бурынғы қорқынышлардың да барлығы естен шықты.

Жолбарыс тар ғана соқпақ пенен тап маған жол баслап киятырғандай болып, тәуир адым-адым жүрип отырды, ўақтын-ўақтын маған қарап қойды. Мени қалып қояма, әлле қәйтеди дегени шығар деп мен ойлайман.

Тоғайдан өтип, қопалықтың ишине кирди. Бул мәҳәлде ай батып, таң ағарып белги бере баслады.

Бул жерлердиң бәри маған таныс. Бул мергеншиликтиң дәртинен Әмиўдәрьяның еки жағасында баспаған төбем болмады. Бул жер Қазанкеткенниң арқасы еди. Жақын жерде елат та жоқ.

Күн шықты, бизлер еле сол қамыслық пенен киятырмыз. Бир мәҳәлде жолбарыстың үйине келдик, пышықтың баласының сыңсығанындай ашшы сес шықты. Жолбарыстың баласы екенин биле қойдым. Келип қарасам, қызыл шақа, ийттиң жаңа туўған күшигиндей баласын жолбарыс жалап атыр. Сығалап қарасам, жолбарыстың баласын қара қумырсқалар басыпты. Денеси даладай қан, исик. Жолбарыс тили менен жапырып, алдын қуўдым дегенде арты гүўлеп жабылып, артын қуўдым дегенде алды келип жабылып, қумырсқалар жолбарысқа ҳеш күш бермеген екен. Мен жолбарыстың неге ертип әкелгенине жаңа түсиндим. Дәрҳал жолбарыстың баласын қолыма алып, қумырсқаларын арта басладым.

Бала деген ғой. Жолбарыс өзи сондай күшли ҳайўан болса да, қумырсқаға күши жетпегени ҳайран қаларлық. Баласын өлимнен қутқарыўға адамнан жәрдем сораўын қараң!

Ҳә демей-ақ баласын қумырсқадан арттым. Үйдиң сол жағына жақсылап, астына қамыстың үпилдиригин салып жатқардым. Жолбарыс барып, баласын емизе баслады. Мен қумырсқалардың инин тығып, өзлерин аяқ пенен тепкилеп өлтире басладым. Жолбарыстың үйинде қумырсқа баласы қалмады.

Енди кетиўге мүмкин шығар деп оған қарап қуллық етип, оннан еки көзимди айырмастан далаға шықтым, жолбарыс баласын өлимнен қутқарғаныма мәс болғандай еки көзи жаўдырап қала берди.

* * *

Арадан және бир қанша ўақыт өтти. Жазғы қаўынлардың писип тамам болып, гүзги қаўынлардың писип атырған ўақты еди.

Бир күни күн аўған шамасында, шертектиң астында қаўын жеп отырсам, қубла беттеги тоғайлықтан бир жолбарыс тиккелей маған киятыр. Ол мени көрмеген шығар деп, орнымнан тура салып шертектиң бағанына илдириўли турған мылтығымды алып қолайласа бергенимде жолбарыс бирден тоқтап қалды. Ол меннен көзин айырмады. Қуйрығын былғаңлатты да және маған қарап журиўин даўам етти.

Бул ўақлары мениң есиме – жолбарыс тиймегенге тиймейди, екиншиден, қуйрығын былғаңлатқаны жаманлыққа емес, жақсылыққа. Өзиниң бир қыйын аўҳалға ушырасқаны ушын жәрдем сорап киятырған шығар деген ой түсти.

Жолбарыс жақынлады. Абайлап қарасам, тап анаў күнги жолбарысым!

Тап мениң ойлағанымдай болып шықты. Бир кемислиги бардай қуйрығын былғаңлатып қасыма келди.

Ҳәмме жерине көз жибердим. Ҳеш жеринде ҳешқандай мүлтик жоқ. Аяғына шөгир киргенге де усамады. Тек кейнине бурылып, сыңсып айлана берди.

Мен дәрҳал буның изине ериў керек екенин биле қойдым. Ол жүрди, мен изинен ерип отырдым.

Баяғы өзиниң уясына қарап киятыр.

Тоғайлықтан өтип, қамыслықтың арасына келдик. Бир қалыңлаў жерде тоқтадым. Сол жағыма қарасам, пуқталап жаңадан дүзетилген бир уя тур. Ишинде ҳешнәрсе жоқ.

«Мен буның баласына бир нәрсе болған ба, деп гүманлана басладым. Қумырсқа талап өлтирген шығар, болмаса жолбарыстың баласына ким тийеди»? – деп те ойладым.

Бул бийшара баласынан айрылып, сергизданы шығып, қатты қайғыда жүр ғой деп аядым. Есиме «Шәрияр» дәстанындағы анасы Шәриярдан ажырасқаны түсти.

Қаршыға қустың баласы,
Қайыңда болар уясы,
Қайың түбин жел қақса,
Қайғыда болар анасы.
Ийтелги қустың баласы,
Ийтенде болар уясы,
Ийтен түбин суў алса,
Ийтинип өтер анасы.
Гәҳий шөлде өлди ме,
Гәҳий көлде өлди ме,
Гәҳий суўға кетти ме,
Мен сордың тапқан баласы?
Жылап қалған артында,
Мендей бахты қарасы.

– деген сөзлери мениң кеўлимди босатайын деди. Дүньяда Ана дегенниң ҳеш теңи жоқ ғой! Усыған қарағанда, баланың атаға, анаға ететуғын хызметиниң қандай шеги болсын! Өзиңди тәрбиялап, ақ сүт берген анаңа хызмет етиўден, оны ҳүрметлеўден жоқары ләззет бар ма?! – деп ойладым.

Жолбарыс мени және армаған ерте берди. Оның бурынғы уясына жақынладым.

Бул жерде бир үлкен өзек бар еди. Дәрьяның жақындағы тасыўында соннан суў өтипти. Айналып өтермен бе десем, ҳеш айналып өтиўдиң итималы жоқ екен.

Жолбарыстың уясы суўдың ортасында атаўлап қалыпты. Бир ўақытлары жолбарысқа қарасам, ол маған қарап сыңсып, жалт-жулт уясы бетке қарай береди.

Мен жолбарыстың баласының атаўлап қалғанына, суўға түсиўге өзиниң тискинетуғынлығына, мени шақырғандағы нийети – баласын алып берман шығыў екенлигине анық түсиндим. Жолбарыстың бундай суўдан қорқатуғынын билгенде былтырдан бурнағы жылда тырбаңлап қаша бермейтуғын едим ғой деп күлимсиреп, баяғы жолбарысқа бенде болғаным есиме түсти.

Дәрҳал шешинип суўға түстим. Суў тереӊ екен, азлап жүзиўге туўра келди. Аржағына өтип, жолбарыстың уясына қарап жүрдим. Оған жақынлар-жақынламастан-ақ, қулағыма талып-талып зорға шыққан жолбарыстың қарлыққан даўысы келди.

Жетип бардым, есикти ашып ишке кирдим, жолбарыстың баласы үлкенлиги үш айлық күшиктей болған екен. Қансылаўға, турыўға дәрманы жоқ, сықылы қашқан. Шамасы үш-төрт күннен берли аш болса керек. Қушақлап суўға алып келдим. Суўдың аржағында анасы пақырдың еки көзи төрт болып, сыңсып тыпыршылап ҳеш жерде тура алмай жүр. Сол қолыма көтерип суўдан аман-есен жүзип өттим. Жолбарыстың алдына баласын усындым. Ол баласын ийискеп, жалап атыр. Баласы ҳәлсиреген күши менен анасының емшегин нуқып-нуқып емип атыр. Бул көриниске қарап турып кийиниўди де умытыппан.

Кийинип отырғанда:

«Асқар-асқар таўлардың,
Панасы болмас атадай.
Мүшки менен әмбердиң,
Ийиси болмас анадай,
Шекер менен шербеттиң,
Мазасы болмас баладай!»

деп ата-баба дуп-дурыс айтып кеткен ғой, – деп ойладым.

Мен кийинип болып та бир он минуттай күтип ҳәм оларға қызықсынып қарап отырдым.

Бир ўақытлары жолбарыс баласының белинен тиследи де маған бир қарап қойып жүре берди. Мен және изине еребердим. Бағанағы жаңадан соққан уяға келип тоқтады. Баласын ишине апарып қойды да, өзи қасына жатты.

Бул сапары жолбарыс маған бир-еки қарады. Оның түринде маған сансыз рахмет айтқандай белги көринди.

## Жолбарыс пенен айқастым

Мени сизлер жолбарыс пенен айқасқан болса, бир дәў адам шығар, ямаса айтайын деп отырғаны өтирик ғой деп уйғарыўыңыз мүмкин. Бирақ «ебин тапқан еки асар» дегендей, буның да рети болды, сонлықтан мениң гүресимде ҳешқандай шек жоқ. Оның ҳасла өтирик емеслигине инаның!

Жазғы «Топан тасыў» күнлери ким Ақдәрьяны жағалап жүрип көрсе, ол күтә жақсы биледи. Суў дәрьяға сыймай, еки жағасына жайылады. Суў дәрьядан 100-200 қәдемдей ески қашыларға барып тиреледи.

Бул ўақытлары сазан, сүўен балықлар сайыздағы шөп арасына шығады. Қызық көремен деўшилер азанда шашырап шыққан күн менен бирге турып, жағаға шықса, адам айтқысыз қызыққа батады.

Ақдәрьяның қырмашасына балық услаўға келгениме бираз күн болды. Усы қызық пенен үйге қайтыўды да умытыппан.

Бир күни, бирдейги әдетим бойынша қолыма шанышқымды алып, қырмашадан балық шаншыўға бираз жолдасларым менен ерте турып киристим. Еки сааттай ўақыттың ишинде отызға жақын сазан шаншып алдым.

Бир нәҳән сазан қашып киятыр. Мен де суўды шамбырлатып қуўып киятырсам, ол өзин қалың урықлықтың арасына урабергенде шанышқымды атып жибергеним, тап қарсы алдымнан бир жолбарыс өзин маған қарап атты. Оның алдыңғы еки аяғы ийинимнен асырылып түсти. Мен де белинен қушақлап алдым. Тарақ алып, басымды ийегиме тығып, ҳеш жаздырмадым. Күшимниң барынша ийзеп қыса бердим. Дәслеп ғаўырлап үрсе де, шексиз абай етип умтылса да, есабынан жанылған алыпсатардай бурынғыдай айбарақламады. Мен де қушағымды ҳеш жаздырмадым. Шамалаўымнан жолбарыстың бели сынбаса да бержағы болды-аў деп ойладым.

Ҳәртүрли қыял келип кетти. Егер усыдан жиберип қалсам алдыңғы аяқлары ҳешнәрсеге илинбей күйинип турған жолбарыс пыт-шытымды шығарып, ашыўын тарқатар деп ойлайман. Ямаса жолбарыстың бир қәсийети, ол дәслеп бир нәрсе ислеў нийетинде урынып, оннан өзиниң шамасынан жаңылсып, дегени болмаса өз жөнине кете береди-мис дегенди еситетуғын едим. Яки бир нәрсеге күши жетпей қайтса да мәртлик етип, текке урынбай, сыр бермегендей болып өз жөнине жүребереди десетуғын еди.

Кел, тәўекел, жиберейинши дәўимнен сол алды бетине қарата жиберип, өзим кейин бетине шығып едим, жолбарыс бурылып та қарамады, ҳешнәрсе билмеген, сезбегендей болып, туўра алдына сайыз суўда адым-адым жүрип кете берди. Мен бул аўҳалға ҳайран болыўым менен жолбарыстың соңынан қарап қала бердим.

Бул ўақыяны көрип, алыста мени нақ өледи деп жыласып, қорқып турған жолдасларым да қасыма келип:

– Сен нағыз палўансаң ғой. Барып турған батыр екенсең, бизлер жолбарыс пенен алыспақ түўе сениң алысып турғаныңа қорқып турдық! – дести.

Мен оларға:

«Ебин тапқан еки асар,
Көзин таўып ис қылған,
Үйшик-үйшик қырдан асар!» – дедим.

# Ғаз атпаға барғанда

Қырмашадан шанышқы менен балық аўлаўды да қойдым. Сол Ақдәрьяға жақын Каратереңдеген жерде үйрек, ғаз, қасқалдақлар бығын жығын дегенди еситтим.

Мылтығымды арқалап Қаратереңге жол алдым, өмиринше мергеншилик етип киятырған Нурлыбай ғарры менен таныс едим. Ол киси күтә атыўға шебер, гөзлегенин қуры жибермейтуғын, қатаң мерген адам еди. Ушарға атса да ҳәр оғына еки-үшин жалпылдататуғын еди.

Буннан жети-сегиз жыл бурын екеўмиздиң аўға шыққанымыз есимде. Тап усы Қаратереңниң күнбатар тәрепиндеги бир кишилеў көлатқа келип едик, ортасындағы кишкене ғана айдынында онлаған ғаз таранып отыр екен. Екеўимиз дәрҳал буққы тасладық. Күле шырай берип ҳәм қумарланған түринде маған қарап:

– Шырағым балам, сен мениң қызығыма қара, – деди, әлбетте, жасы уллы адамның сөзин жығыўға болама, сонша қумартып турыўыма қарамастан:

– Әжеп, болады, – дедим. Сөйттим де оның қызығына қарадым.

Ол басына үлкен етип урықтан саяман усатып орап алды. Алдынан урықтан тикесине-тикесине қалың түбинен белбеўине өткерип шанышты. Тап урықтың қалың жериндей болды. Ол ҳәтте мылтығын да урыққа орап, атыўға гөзлеген алға тутты. Сөйтти де тереңлиги бир гездей суўға түсип, алға жүрис етти. Алдан қарағанда Аралдың шет-шебиринде қамыс, урықлар түбири менен шоқ-шоқ болып ығып жүреберетуғын бир көшпели қопадай болып көринди. Ол сылт етпестен кетип баратыр. Ғазларға 20-30 адымдай жер қалды.

Мен қызығыў менен шыдай алмай қарап турман.

Ғарры-мерген тоқтады. Атыўға гөзледи. Сизлер инаныңыз. Ғарры үш атқанда, отырған тоғыз ғаздың биреўи де аман кете алған жоқ. Ғарры бир атқанда бесеўин, екинши атқанда үшеўин, үшинши атқанда ушып баратырған биреўин сулайтты.

Қуўанғанымнан қасына барып, ғаррыны қушақлап алдым. Оның көпти көрген, сөйтсе де жыйрықлары онша көп емес, күнге күйреген жүзи маған күта ысық көринди.

Мине соннан берли бул ғарры мергенди өзимниң устазымдай көремен.

Нурлыбай ғарры сол күни мени жибермей сыйлап қонақ етти. Ғаз гөшин асып та, қуўырып та берди.

Ертеңине екеўимиз көлге және шықтық. Саўысқандай көлден көлге аўыстық. Шыжғырған түс болды. Еле мен үш, ол еки қасқалдақтан басқа оңлы ҳешнәрсе таппадық. Неде болса алға жүребердик.

Бир мәҳәлде қарсы алдымызда еки ғаз көрдик. Биреўи жүз қәдемдей арыда. Дәрҳал буққы тасладық. Мен алда, ғарры артымда жер баўырлап киятырмыз. Мениң еки көзим ғазда, ҳеш жаққа қарамастан, алағада болмастан киятырман. Бизлерди бийиклиги бир гездей пишенликлер көрсетпей киятыр.

Ататуғын жерге жақынлай бергенимде ғарры кийимимнен тартып:

-Тоқта, тоқта, кейин қайт! – дегендей болды. Бирақ бул мәҳәл атпай кейинге шегинетуғын мен бе! Тыңламай алға жүребердим. Бир мәҳәлде ататуғын болып тоқтадым. Мылтығымды туўрылап нышанаға жаңа мингизип, шүрппени тартып жиберейин деп қарасам алдымдағы ғаз жоқ. Ҳаў, қалай, жаңа ғана тур еди ғой,– деп сәл тикленип қарасам, ғазды бир жолбарыс алып кетип баратыр. Екиншисине қарасам, ол аржағына қарап ушып баратыр. Бос қалмайыншы деп екиншисин гөзлеп атып жибергеним, жалп ете түсти. Атқан ғазды алайық деп артымдағы ғаррыға қарасам, оның түси өзгерип маған сыбырлады да:

-Айттымғой, жолбарыстың изин бағана сени түрткенде-ақ көрип едим. Сен тыңламадың – деди. Мен оның қасына келе бергенимде және, ол:

– Дүньяда жолбарыстай шалт мақлуқ жоқ шырағым! – деди. Мен оған уялған тек турмас деп:

Жигитлер неге сондай шалт болмайды екен? – дедим. Ол күлимсиреп ҳәм басын қасып:

– Әлбетте, жигитине байланыслы ғой, – деди. Сөйтип, атылған жалғыз ғазды алып кейинге қайта бердик.

## Жолбарыстың түйеге мингенин көрдиң бе?

«Мазандаран тоғайларындағы маймыллар ешекке қызықсынып минеди. Маймыл услаўшылар ешектиң арқасына желим жағып, айдап жибереди. Маймыллардың үш-төртеўи мингесип айдай береди. Сөйтип, маймыллардың қуйрықлары ешектиң арқасына жабысып қалады. Соннан соң маймылларды аңсат ғана услап алақояды екен» – дегенди еситетуғын едик.

Ал, маймыл ойнатыўшылар өзиниң ойыншы маймылларын ешегиниң артына мингестирип алып жүргенин талай көрдик. Оннан басқа ҳайўан ҳайўанға минип жүр екен дегенди мен түўе, сизлер де еситпеген шығарсыз.

Бирақ, мен сонша мергеншилик етип жүрип, өмиримде бир мәртебе ғана жолбарыстың түйеге минип шаўып жүргенин көрдим.

Бул қызық ўақыя еле есимнен шықпайды. Ол ўақытлары бизиң аўыл Қыятжарған – Шоманай деген өли арнаның аяқ жағында болатуғын еди.

Аўыл арнаның арқа тәрепине орналасқан. Аўылдың алды арнаға барғанша бағ. Көбинесе ерик ағашлары.

Арнаның қубласы бурын егислик болып, ҳәзир хеш нәрсе жоқ, топырақлы майдан.

Бул ўақыя тап ерик писken күнлери ғана гезлескен еди. Ериклердиң ишинде қырқ-елли жыл жасаған үлкен ерик бар еди. Уўылжып қызарып пискен екен.

Минип, шақасынан өз қолым менен үзип жеўди ышқы еттим де, өрмелеп шығып, үзип жеп турып, арнаның қубла тәрепине көз жиберсем, жантаққа тойып, арнаға онша қашық емес жерде бир түйе шөгип жатыр екен. Түйениң арт жағынан әсте-ақырынлап киятырған ийт пе екен десем, жолбарыс екен. Барлық интам сонда болды: әттең мылтығым алыста ҳәм тайын оғым да жоқ. Диңкемди қуртты.

Сонша жыл мергеншилик етсем де, усындай ойда жоқ аўҳал ушын оқ таярлап қоймағаныма өзиме-өзим урыстым. Илаж жоқ. Кейин не болар екен деп қарап турман.

Жолбарыс түйениң оңжағын қолайлап келип, түйеге өзин атты. Түйениң бержағы ойпаўыт болғанлықтан, жолбарыстың артқы аяқлары жерге тийе қоймады. Түйе бирден түргелип кетти. Жолбарыс өркештен тислеўи менен салбырап тура берди. Түйе ақырыўы менен аўылға киятыр.

Бул ўақыяны көрген аўыл адамлары, бала-шаға, улы-шуўда, қым-қуўыт қорқысып, түйеге кесек жаўдырып қуўа баслады.

Түйе байғус жан ашыўы ҳәм қорқыўы менен елден ҳеш айрылғысы келмейди, урса да қайтып аўылға тығыла береди, аўылды үш айналды. Ақырында, аўылды жағалай арқа бетке шықты. Ол бетте ески ўақытларда қазылған уралар бар еди. Түйениң аяғы бир ураға тайып азлап сүрнигип жығыла жазлап еди, жолбарыстың салбырап киятырған артқы аяқлары жерге тийди. Аяғы тийиўден жолбарыс түйени ылақтырды. Түйе 3-4 аршындай жерге көтерилип, жерге жалп ете қалды. Сөйтти де жолбарыс ҳешнәрсе менен иси болмай, ақырынлап жөнине кетеберди.

Түйе сеспей қатып, өлип қалды.

Бул ўақыяға бир мен емес ҳәмме халық болып ҳайран қалдық…

## Сүзеўик буға

Бизиң сол аўылда тағы да бир ҳайран қаларлық ўақыя болды. Падада жүрген күтә сүзеўик, ҳешкимге күш бермейтуғын бир буға бар еди. Өзин көргениңизде де жүрегиң суўлайды. Пил ме екен дейсең. Көзлери масаладай жанған. Қабақлары үйилген. Шақы өгиздикинен узын емес, келте ғана. Бирақ тик, күтә нық. Аўзында көбик, жараған үлектей.

Өзинен басқа буғаны, өгизди көреғойса бес жүз қәдем жерден өкиринип, шыңғырып, төменнен гөзлеп келеди. Оның менен ҳешқандай буға, ең ири өгизлер де тиресип сүзисе алмайды. Қашып қутылса қутылғаны, болмаса пүткил аўыл болып зорға арашалап алады. Болмаса майырады, ямаса өлтиреди.

Адамлар да оннан өлердей қорқады. Егер шебине шықсаң тырқыратып қуўады. Сүзип, пәтпелектей ушырыўдан да қайтпайды.

Адамлар оған «адамхор буға, сүзеўик буға» деп ат қойыпты. Сонлықтан да адамлар оған тиймейди. Көрген жерде «ҳәўкем, ҳәўкем» деп, еркелетип өтебереди. Бирақ оның сонша ашыўлы, сүзеўиклигине қарамастан, оны ҳәмме адам жақсы көретуғын еди. Оны маллардың еркеси, сәни десетуғын еди.

Кеште қорасына келсе келеди, келмесе және бир қораға барады, болмаса аўыл арасында-ақ жүре береди. Ийеси бийшара соңғы 3-4 жылдың ишинде бир де мәртебе шақына жип тийгизе алған емес. Бирақ та ҳеш ўақытта ол аўылдың малларынан айрылған емес. Далада да жалғыз қалмайды. Аўылдың маллары менен азанда қосылып, кеште қайтып келеди.

Бир күнлери сүзеўик буға еки күн удайына аўылға келмеди. Падашы да састы, қайда қалғанын билмеди. Аўылда оны тек ғана ийеси емес, ҳәмме жоғалтты. Ол сүзеўик буға аўылдағы маллардың сәниндей көринди. Баладан-шаға ҳәмме қайғырысты. Ҳәттеки падашы да:

– Мениң дүзде жүргендеги сүйенишим еди, малға ҳешкимди жолатпайтуғын еди, – деп қапа болды.

Бизлер көп адам болып үшинши күни азанда излеп кеттик. Аўылдан 4-5 шақырымдай жер астық. Ақырында табалмай, Қыятжарғанның иши менен киятырсақ, излеп жүрген сүзеўик буғамыз бир жерде тик жарды сүзип тур. Абайлап қарасақ бир жолбарысты бүйиринен сүзип қысып тур екен. Шамасы жолбарыс менменлик етип артынан айнала бергенде бул шаққанлық етип сүзип, жарға қысқан болса керек, жолбарыстың артқы аяғы жерге тийе алмаған. Екиншиден буғаның шақлары пәт пенен жолбарыстың бүйирине өткен.

Бизлерде қорқыныш пайда болды. Егер жолбарыс тири болып босанса, ҳәммемизди күл-талқан етеди деп ойладық. Неде болса «ҳәўкем, ҳәўкем» деп бизлер буғаға жақынлап бара бердик. Елли қәдемдей жақын барсақ жолбарыс өлген екен. Бизлер ҳәўкемлеп және де жақынластық. Сүзеўик буға бизлерге арқа сүйеди ме, әйтеўир шақын тартып алды, кейин сәл шегинди де қулады. Бизлер, «ҳәўкем, жәниўарым» деп қасына бардық. Бизлер барғаннан-ақ буға ширенип, бир дем алды да жан тапсырды. Үш күн удайына жолбарысты қысып услап турып, ҳәл-дәрманы қурыған ғой! – деп болжадық. Бизлер жолбарысты сүзип өлтирген күшине тәсийин қалсақ та, оның өлип қалғанына қапа болдық.

## Менменлик заўалы

Бир күнлери Таллық болысына қараслы Мүйтен елаты – «жолбарыс бизлерге күн бермейтуғын болды, мал-ҳәлимизди қоймады, енди адамға да аўыз салайын деп киятыр. Буның ҳәлекшилигинен журтлар пақыр-пуқарашылығынан қалды. Буның бир шарасын көриўиңизди сораймыз», – Төрткүлдеги приставқа арыс жиберипти.

Пристав бул арызға езиўи қулағына жеткенше, көз жас шыққанша ишек-силеси қатып күлипти.

Аңшылықты жақсы көретуғын Александр Злобин деген отряд баслығы бар екен. Соны шақырыпты ҳәм оның отрядындағы жергиликли жағдайды жақсы билетуғын

бираз нөкерлерди де шақыртып:

– Бир жолбарыс Таллық болысында елди бүлдирип атырыптымыш, бул рас па? – деп сорапты. Жергиликли нөкерлер де биразы, – дурыс шығар. Егер жолбарыс өшиксе, ҳеш нәрсени тыңламайды. Адамды да малды да қыйрата береди, – деп жуўап берипти.

– Онда бул арыздың жөни бар екен ғой, – деп муртын сыйпап көзин алартыпты.

Александр Злобин шаққанлық пенен орнынан турып:

– Тақсыр, усы операцияны маған тапсырыўыңызды сорайман, деп сораныпты.

Сонда пристав Злобинге, – отрядыңыз бенен барып қайт, ел тынышлансын, – деген екен.

Александр Злобин орта жасларға жақынлаған, ҳешбир урысларда болып көрмеген, кеңседе, хожалық жақларында ислеп офицерлик чинге ийе болып жүрген сыпайы жигит еди. Аңшылықты жақсы көрген менен бирақ қырғаўыл, қоян, үйрек, ғаздан басқа ҳешнәрсе аўлап көрмепти. Оны да өзиниң отряды менен аўлайды екен.

Бирнеше күн жүрип, Злобин отряды менен Шымбайға келипти.

Қайдан еситкенин билмеймен, бир күнлери мени шақырып адам келди. Дәрҳал қарыўым менен Злобинге келдим. Оны мен бурыннан таныйтуғын едим. Ол маған бул аўҳалды баян етти де:

– Сен бизлерди баслап бар! – деди. Аңшылық десе турмайтуғынымды билесизлер ғой, баслап жөнелдим.

Ертеңине жолбарыстың бүлдирип атырған елатына келдик. Растан да елдиң жолбарыстан мықлы қәўпи бар екен.

Адамлар бизлерге жолбарыстың қайда екенин көрсетти. Жолбарыс көлге жақын қалың қамыслықтың арасында екен. Мен Злобинге жолбарыстың сондай шаққан ҳәм күшли ҳайўан екенин, жолбарысты атыў, өлтириў ушын өзинен де бетер

шаққанлық, тапқырлық талап етиледи, – деп және жолбарыстың бираз қәсийетлери, минезлери туўрысында айттым. Ол:

– Чепуха, қолда жарақ турғанда, сонша отряд пенен бир ҳайўанды ата алмай неси бар, – деп отрядына, – мениң артымнан сап тартып жүресизлер, мениң рухсатымсыз атпайсызлар, – деди.

Ҳәмме Злобинниң изине ерип киятырмыз. Бир ўақытлары жолбарысты көрдик. Жолбарыс жалаңлап, еки көзин бизлерден айырмай отыр екен. Злобин қолда наганы менен туўры тартып киятыр. Жүз қәдемдей жер қалды.

– Кимде-ким менсиз атады екен, оны атып таслайман. Усы жерде бәриң де тоқтаң, мен өзим атаман, – деди. Мениң шыжа-пыжам шықты:

– Жалғыз бармай-ақ қойың, ҳәзир усы жерден-ақ өзим бесатар менен атып берейин, жолбарыс атылған оқтай шаққан болады, десем, кеўлине аўыр алайын деди. – Чепуха – деўи менен өжетленип, жалғыз өзи жолбарысқа қарай жүрди.

Жолбарысқа Злобин қырқ қәдемдей жақын барды. Ол жолбарыстың қуйрық бети таманлаў жағынан баратыр. Жолбарыс болса, сыр бермей, Злобинди көрмегендей. Тек көзиниң қыйығын салып қояды. Және он қәдемдей жақынлай бергенде, жолбарыс жылдырымдай болып Злобинге өзин атты. Оның оң қолынан тислеп, жарақ-парағы менен қосажерге былғап урды. Екеўи алыса кетти. Бизлер илажсыз жақынлап бардық. Атайын деп умтыла бергенимде, биреў артымнан қолымды услап тоқтатты. Өзинен команда болмағанша атыўға болмайды, – деди. Мениң жаным оннан беттер ашыды. Злобинди тақлап, жолбарыстың бизлерге де тийисиўине сөз жоқ деп гүманландым. Олар еле қутырған ийттей айқасыўда. Бир мәҳәлде:

– Ақмақлар атыңлар! – деген Злобинниң сести шықты. Ҳәмме мылтық гөзледи. Бирақ Злобинге тийип кетеме деп қәўипсинип, ҳешким ата алмай тур. Мен көп ойланып турмадым. Жолбарыс кеселеп Злобинниң үстине шыға бергенде, жолбарыстың қулақ шекесине берип жибердим. Жолбарыс арт бети менен жети-сегиз аршын жерге секирип түсти де, қайтып тура алмады. Биреў қуйрық бетинен және атты. Соның менен қулады.

Злобин қанға былғасыўы менен бизлердиң артымыздан: – өлди ме?! – деп даўыслап, тикленейин десе қолларын ала алмай отыр екен. «Өлди» дегеннен соң жайласып отырып, қолының аўырғанын сезе баслады.

Бизлер оны қоршап алдық. Оң қолын жолбарыс мылжа-мылжа етипти.

Мен оған күлип:

– Чепуха, питип кетеди. Төрткулге барсаң бир айда жазады, дедим. Ол мениң сөзиме түсинди де:

– Дурыс! – деди ҳәм тийдириңкиреп айтқаныма қызарып кетти.

## Жолбарыс мениң сәлемимди алды

– Саған-ақ жолбарыслар ушыраса бере ме, сениң жолбарысты тартатуғын магнитиң бар ма, ямаса сеннен басқа мергеншилик етип жүрген адам жоқ па? – деп жора-жолдасларым таңланатуғын шығар.

Мениң өзим де усыған ҳайранман. Бул жақларда жолбарыс не жесин, деп басқа бир жақларға кетсем де, майданшылық узақ жақларда жүрсем де келебереди.

Гүзек күнлердиң биринде, Қуўанышжарманы жағалап қоян, қырғаўыл атпақшы болып, ерманы жыңғыллардың арасы менен киятырсам топа-торыстан алдымнан тилин салаңлатып киятырған жолбарыс ушырасты. Ол да, мен де бул ойда болмаған ушырасыўға турып қалыстық. Екеўимиздиң арамызда он қәдемдей-ақ жер бар.

Жолбарыс шоңқайып отырды, бирақ, нәзери менде, ырылдаўы пәтли.

Ийнимнен мылтығымды алайын десем, қолға алып гөзлеймен дегенше мениң исимди питириўи мүмкин. Қарсыласыўдың ҳеш илажы жоқ болды. Дәрҳал қол

қаўсырып еңкейип: – шерим-шерим, жаниўар! – деп сәлем берип, сол турысымнан ҳеш бурылмастан кейин шегине бердим.

Мен еки жүз, үш жүз қәдемдей жерге кеткенше сол отырысында отырып қалды.

Мен де сәлемимди алғаннан соң, маған ҳеш зыян етпегени ушын оған тиймедим.